

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun metode deskriptif. Metode mangrupa cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan kalawan ngagunakeun téhnik sarta alat-alat nu tangtu. Numutkeun daérah panalungtikan, panalungtikan bisa dikelompokkeun kana lima kelompok umum nya éta metode sejarah, metode deskriptif, metode eksperimental, metode grounded research, metode penelitian tindakan.


Numutkeun Whitney (1960), metode deskriptif nya éta néangan fakta jeung interpretasi nu bener (Moh. Nazir, 2003). Panalungtikan deskriptif nalungtik ngeunaan masalah masarakat, sarta tata cara nu dipaké dina masarakat sarta kaayaan-kaayaan nu tangtu, kaasup ngeunaan hubungan, kagiatan-kagiatan, sikep, proses nu lumangsung jeung pangaruh-pengaruh dina hiji penomena. Dina metode deskriptif, panalungtik bisa ngabandingkeun fenomena-fenomena nu tangtu sahingga mangrupa hiji studi komparatif. Kadang-kadang panalungtik ngayakeun klasifikasi sarta panalungtikan ngeunaan fenomena-fenomena kucara netepkeun hiji standar atawa norma nu tangtu, sahingga loba ahli nu nyaruakeun metode deskriptif jeung survey normatife.

Metode nu dipaké dina ieu panalungtikan sangkan tujuan kahontal pikeun ngébréhkeun aspék nu jadi puseur perhatian dina ieu panalungtikan atawa nu leuwih

jénténa, ajén atikan ngawengku moral, sosial, agama nya éta metode deskriptif, nu hartina hiji metode nu ngagambarkeun sacara langsung ajén atikan dina novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri nu medal dina taun 1932.

Ieu panalungtikan ngadéskrripsikeun ajén atikan dina novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri. Desain panalungtikana bisa dibagankeun saperti ieu dihandap.

Bagan 1
Desain Panalungtikan



3.2 Tehnik Ngumpulkeun Data

Téhnik mangrupa salasihiji usaha atawa cara (prosedur) nu kudu dilakonan kalawan ngagunakeun metode nu tangtu sangkan tujuan sasaran nu dipiharep dina hiji panalungtikan téh bisa kahontal. Patali jeung metode nu dipaké, tehnik ngumpulkeun data nu bakal dipaké dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka, analisis teks, uji coba. Pikeun ngolah data digunakeun téhnik analisis teks. Tehnik studi pustaka dipimaksud pikeun néangan sarta neuleuman eusi buku-buku pikeun nangtukeun kajian teoritis tina masalah nu rék ditalungtik. Sedengkeun tehnik uji coba dipaké pikeun ngukur kamampuh siswa sanggeus narima pangajaran.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumen dina ieu panalungtikan ngawengku ATK lengkap (kertas, pensil, pulpen, jsb). Pikeun nguji luyu hentuna ieu bahan pangajaran diajarkeun di SMA, bakal diuji ngaliwatan test.

3.4 Tehnik jeung Prosedur Ngolah data

Sanggeus data dikumpulkeun maké téhnik analisis teks, data diolah sangkan meunang hasil nu dipiharep nya éta bisa henteuna ieu hasil analisis bisa dipaké bahan pangajaran.

1. Ajén atikan nu kapanggih dina novel *Burak Siluman* dipasing-pasing dumasar kana kategorina.

2. Nguji cobakeun hasil analisis novel *Burak Siluman* ka siswa kelas XI SMA Negeri 1 Singaparna.
3. Ngadeskripsikeun hasil uji coba hasil analisis novel *Burak Siluman* ka siswa kelas XI SMA Negeri 1 Singaparna.

